

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Modérnisasi bisa mangaruhan kana luntarna ajén-inajén budaya nu geus jadi idéntitas hiji bangsa. Éta ajén-inajén nyampak dina tradisi, nu mangrupa bagian tina budaya. Budaya minangka eunteung hiji masarakat, nu ngabogaan ciri hasna séwang-séwangan. Budaya lahir, sabab aya manusa. Sakumaha nu ditétélakeun ku Koentjaraningrat (2009, kc. 144), yén kabudayaan nyaéta sistem gagasan, tindakan jeung hasil karya manusa dina kahirupan masarakat, salaku tindakan nu dilakukeun sacara diulang, ku cara diajar, tina sakabéh hasil karyana sorangan. Kabudayaan nurutkeun E.B. Tylor (dina Danandjaja, 2002, kc. 6), nyaéta hiji sistem anu ngawengku sakabéh pangaweruh, kapercayaan, kasenian, moral, hukum, adat-istiadat, jeung sakabéh kamampuh katut kabiasaan anu dicangking ku manusa salaku anggota masarakat. Ieu hal diwewegan ku Sudaryat (2015, kc. 42), yén ayana penghayatan, prakték, diajarkeun, tur diwariskeun sacara turun-tumurun ka generasi satuluyna, nu bisa ngabentuk kana pola paripolah manusa sapopoéna, boh ka sasama manusa, boh ka alam nu gaib.

Pola paripolah manusa jaman kiwari geus mimiti nilik deui ka alam. Ayana istilah *back to nature* atawa hirup balik deui ka alam, nandakeun yén hirup nyanghareupan éra modérnisasi geus kawilang méngpar jeung ngagéséh tina norma, tatakrama, sarta kabiasaan nu aya. Alam geus mimiti ruksak, aturan jeung tatakrama geus papada dirempak. Dipakéna deui ajén-inajén, tatakrama, jeung ajaran para karuhun, pikeun numuwuhkeun deui sikep nyaah ka lemah cai. Norma-norma atawa kabiasaan nu geus mimiti ditinggalkeun, ditandeskeun deui pikeun masarakat dina ngigelan mangsa kiwari.

Ditilik tina wujudna, kabudayaan kabagi jadi dua bagian, nyaéta kabudayaan matérial nu mangrupa bentuk fisik atawa konkret hasil tina kagiatan manusa, jeung kabudayaan non-matérial nu sipatna abstrak (tan wujud), saperti ide, adat istiadat, tradisi, kapercayaan, paripolah (Liliweri, 2014, kc. 12-13). Dina hirup kumbuhna budaya di masarakat, ilaharna sok aya kagiatan nu geus jadi kabiasaan atawa adat-istiadat anu sok dilaksanakeun ku masarakat sabudeureunana. Ieu kagiatan téh,

katelah ku istilah tradisi. Tradisi diciptakeun lantaran aya maksud nu hayang ditepikeun ku masarakat. Ayana titinggal karuhun nu mangrupa pakakas, pakarang, atawa naskah, ngabuktikeun yén ayana sajarah jeung kabudayaan di hiji tempat.

Tradisi asal kecapna tina basa Yunani, nyaéta *tradere* atawa *traderer*, nu sacara harfiah miboga harti ngirimkeun, masrahkeun, méré pikeun diamankeun (Liliweri, 2014, kc. 97). Nurutkeun Kariadi (2018, kc. 102), tradisi mangrupa adat-istiadat, aturan ngeunaan paripolah kahirupan manusa, anu kudu dilakonan, jeung ditaati ti jaman baheula nepi kiwari. Van Peursen (dina Afandi, 2018 kc. 6-7), tradisi nyaéta prosés ngawariskeun jeung nurunkeun norma-norma, adat-istiadat, kaédah-kaédah, katut harta. Hal éta luyu jeung pamadegan Darajat spk. (2020, kc. 137), yén tradisi mangrupa kabiasaan masarakat nu dilahirkeun sacara turun-tumurun tur dilaksanakeun ti generasi ka generasi.

Cindekna, tradisi mangrupa hiji hal nu bisa ajeg jeung ngalaman kamekaran, ilaharna museur kana ajén-inajén atawa kabiasaan nu geus aya jeung geus ngaliwatan sababaraha generasi. Tradisi bisa dirobah, ditolak atawa diadumaniskeun jeung karinékaragaman parobahan manusa. Tradisi kawilang penting, pikeun ngabimbing hirup kumbuhna urang jeung masarakat, kitu deui jeung alam sabudeureun katut nu Maha Kawasa (Sztompka, 2017, kc. 72).

Ku kituna, unggal masarakat tangtu ngabogaan tradisina séwang-séwangan. Salah sahiji tradisi nu masih kénéh dilaksanakeun, nyaéta tradisi nelesan nu aya di Désa Nagrapageuh. Nagrapageuh mangrupa hiji lembur, nu aya di wewengkon Panawangan. Tepatna di Désa Nagrapageuh, Kecamatan Panawangan, Kabupatén Ciamis. Nurutkeun Aki Ikit (wawancara, 14 Pébruari 2022), ditilik tina harti kecap nu ngawanguna, Nagrapageuh ngabogaan harti nagara anu pageuh. Kukuh pengkuh dina tatakrama, ajaran-ajaran sarta struktur pamaréntahan nu pageuh. Ayana titinggal karuhun nu mangrupa pakakas, pakarang, jeung naskah di Désa Nagrapageuh, ngabuktikeun yén di ieu tempat aya sajarah jeung kabudayaan nu kacida jembar, jayana. Éta hal, bisa katitén tina ayana situs makam karamat Éyang Radén Undakan Kalangan Sari. Lian ti éta, kaécéskeun ogé dina lempir naskah lontar jeung naskah lémpéng timah Nagrapageuh nomer verso V1-V18 (Sopiah, 2012, kc. 7), nu ditulis dina aksara Sunda Kuno, ngagunakeun basa Sunda Kuno nu geus kapangaruhan ku basa Sansakerta jeung Jawa. Ieu naskah kungsi ditalungtik

ku Gunawan (2019), nétélakeun yén eusi éta naskah ngeunaan mantra jeung ngaran-ngaran tempat persemayaman para déwa katut ngaran-ngaran raja di Nagrapageuh.

Tradisi nelesan, minangka perwujudan tina hormat tilawatna kana titinggal pusaka karuhun. Kegiatan anu aya dina tradisi nelesan di antarana waé, mupusti atawa ngaberesihan sababaraha benda pusaka titinggal karuhun. Ieu hal luyu jeung harti kecap nelesan. Nelesan, asal kecapna tina “*teles*”, nu hartina baseuh (Danadibrata, 2015, kc. 692). Awal kecap nelesan, mangrupa serepan tina basa Jawa Cirebon. Ku sabab raja nu mimiti maréntah di Nagrapageuh nyaéta, Éyang Radén Undakan Kalangan Sari. Luyu jeung nu ditepikeun ku Abah Ali (wawancara salah saurang budayawan Galuh Ciamis), nu nyebutkeun yén Eyang Radén Undakan Kalangan Sari mangrupa teureuh Syekh Syarif Hidayatullah (Sunan Gunung Djati). Ieu hal diwewegan ogé ku Gunawan (2014, kc. 141), yén Éyang Radén Undakan Kalangan Sari atawa Éyang Dalem Bratadikusumah mangrupa salah sahiji karuhun nu kawilang sakti, nu dimakamkeun di tilu tempat béda dusun nyaéta: di dusun Nagrapageuh, dusun Pasir Amis, jeung dusun Sukaria. Cindekna, tradisi nelesan ngabogaan harti kegiatan meresihan benda pusaka titinggal karuhun, anu dilaksanakeun unggal tanggal dalapan Mulud.

Salian ti éta, tradisi nelesan lain ngan ukur meresihan benda pusaka wungkul, tapi sacara filosofi ngabogaan harti pikeun meresihan haté tina kokotor hawa napsu. Éta ajén-inajén nu nyampak dina tradisi nelesan nu bisa dipikawanoh, sarta dilarapkeun ku masarakat dina kahirupan sapopoé. Contona, dina salah sahiji sarat tradisi nelesan kudu aya cai kopi pait, nu hartina dina kahirupan teu salilana wening lir cai hérang. Urang tangtu bakal manggih paitna hirup, lir ibarat cai kopi pait. Nalika manggih kasusah jeung kasedih, urang kudu sabar, lakonan, jeung angger inget sukuran ka nu Maha Kawasa, ulah loba ngarasula. Ku ayana tradisi nelesan di Nagrapageuh, nonoman jaman kiwari dipiharep bisa apal kana adat, kabiasaan, tatakrama, pusaka/naskah nu geus diwariskeun jeung hal-hal hadé nu geus diajarkeun ku karuhun. Sangkan henteu pareumeun obor jeung salaku pedoman dina laku-lampah, boh salaku masarakat, boh pamingpin di Désa Nagrapageuh.

Ieu hal puguh patalina jeung kapercayaan atawa ramalan urang Sunda, nu ilahar disebut uga nyaéta uga Galunggung, nu unina: *Sunda nanjung mun pulung geus turun ti Galunggung*. Lamun diécéskeun, aya tilu kecap konci nu kapanggih

tina uga Galunggung nyaéta Sunda, pulung jeung Galunggung. Sunda hartina sinar atawa caang. Pulung hartina nyokot barang nu ragrag atawa geus dipiceun ku batur. Kecap Galunggung dina ieu uga, miboga harti Galuh nu Agung. Galuh hartina galih atawa galeuh, anu maksudna haté (Sudaryat, 2018, kc. 166). Cindekna, nu dimaksud uga Galunggung nyaéta tatar urang Sunda bakal nanjung lamun haté-haté masarakatna geus kebek ku cahaya Ilahi.

Patali jeung éta hal, dina lalakon hirup manusa teu bisa dileupaskeun tina paradigma tilu alam atawa istilah tritangtu di bumi, nu museur kana pola tilu urang Sunda (kosmologi). Ieu hal téh diwewegan ku Sudaryat (2015, kc. 96), yén pola tilu Sunda asal muasalna tina katangtuan atawa ajaran Sunda Wiwitan, anu ngabogaan konsép ajaran ngeunaan kahirupan nu tan wates ku rohang jeung waktu. Kosmologi nyaéta élmu anu maluruh ngeunaan struktur, sajarah, ngeunaan diri, alam sabudeureun, jeung nu Maha Kawasa ngaliwatan fénoména. Kosasih (2010), nétélakeun yén kosmologi (*world view*) ngabogaan oriéntasi ngeunaan kumaha cara manusa nyawang, ngalakukeun dialog, atawa komunikasi jeung kosmos “*alam semesta*” jeung sosial budaya, ngaliwatan paripolah jeung ide-ide nu aya dina basa. Sumardjo (2009), nétélakeun yén kosmologi puguh patalina jeung istilah tritangtu urang Sunda, nyaéta buana nyungcung, buana pancatengah, jeung buana larang. Ieu kosmologi téh bisa ditilik tina wangunna nu mangrupa artéfak budaya jeung tradisi.

Unggal tradisi, tangtu ngabogaan simbol anu ngandung harti pikeun masarakatna, boh éta simbol nu geus puguh kasampak, boh nu ngabogaan harti nyamuni. Dina tradisi nelesan, loba simbol-simbol nu ngabogaan harti filosofis nu kacida pentingna pikeun hirup manusa atawa masarakat. Salah sahiji contona, aya dina kadaharan cobék tawés. Cobék tawés ngabogaan harti katalitian. Lauk tawés mangrupa salah sahiji lauk nu rungseb ku cucuk. Nalika dipatalikeun jeung pangalaman kahirupan, dina prakna urang ngalaksanakeun *fase* kahirupan, urang kudu bisa ngalakonan ku pinuh katalitian sangkan teu kabeureuyan atawa cilaka. Katalitian dina milih kadaharan, pakéan, atawa rarancang pikeun nyarungsum kahirupan keur mangsa ka hareup.

Turner (dina Weismann, 2005, kc. 56), nétélakeun yén simbolis mangrupa hiji pola nu puguh strukturna, nyaéta ma'na hiji simbol raket patali jeung simbol séjénna dina hiji kelompok nu miboga bagian tina ide-ide nu ngéntép seureuh.

Patalina jeung prosés ngama'naan simbol, Turner (1967, kc. 20), ngabagi tilu diménsi simbolis, nyaéta étnografis, ékségésis, jeung éksplanasi.

Panalungtikan saméméhna anu ngarojong kana ieu panalungtikan, nyaéta panalungtikan anu dilaksanakeun ku Priambadi & Nurcahyo (2018), nu jejnerna *Tradisi Jamasan Pusaka Di Desa Baosan Kidul Kabupaten Ponorogo (Kajian Nilai Budaya Dan Sumber Pembelajaran Sejarah)*, medar ngeunaan tradisi jamasan pusaka nu sok dilaksanakeun di Désa Baosan Kidul, dina bulan suro, Sumardjo (2009), nu medar ngeunaan *Kosmologi dan Pola Tiga Sunda*, jeung Ilafi (2020), anu medar ngeunaan *Tradisi Jamasan Pusaka Dan Kereta Kencana Di Kabupaten Pematang*.

Lian ti panalungtikan dina wangun jurnal, aya ogé panalungtikan anu medar ngeunaan tradisi dina wangun skripsi. Kahiji skripsi Tresna Yuniawati, mahasiswi program studi Pendidikan Bahasa Sunda UPI (2012), anu jejnerna *Ajén Falsafah Dina Upacara Adat Nyangku di Kampung Cukapundung Desa Panjalu Kabupatén Ciamis Pikeun Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XI*, kadua Mayangsari (2014), anu medar ngeunaan *Tradisi Upacara Panjang Jimat Keraton Kasepuhan Sebagai Aset Budaya Lokal Kota Cirebon Dalam Pelestarian Budaya Bangsa*, jeung katilu Sumiati (2021), mahasiswi sejarah peradaban Islam Universitas Islam Negeri Sultan Thaha Saifuddin Jambi, nu medar ngeunaan *Ma'na Simbolik Tradisi Ayam Bakakak Pada Adat Perkawinan Suku Sunda di Kelurahan Dataran Kempas Kecamatan Tebing Tinggi Kabupaten Tanjung Jabung Barat*.

Dumasar kana panalungtikan saméméhna, sacara umum museur kana pedaran ngeunaan hiji pasualan nu ditalungtik, nyaéta ngeunaan tradisi, kosmologi, jeung simbolis. Sasaruan tina ieu panalungtikan téh patali jeung objék panalungtikana, nyaéta sarua ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan tradisi. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna, nyaéta dina objék jeung subjék panalungtikanana. Objék jeung subjék anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan tradisi nelesan nu ditilik tina ulikan simbolisna. Ieu panalungtikan, bakal ngaguar sacara jéntré ngeunaan kosmologi tradisi nelesan nu nyampak di Désa Nagarpaguh, katut ulikan simbolis nu aya dina tradisi nelesan. Ulukan ngeunaan kosmologi-simbolis dina tradisi nelesan di Désa Nagarpaguh, Kecamatan Panawangan, Kabupatén Ciamis, can kungsi digarap. Kurang wanoh,

tur kurangna pamahaman masarakat, ngabalukarkeun kurangna kasadaran masarakat sabudeureun kana ngulik ma'na atawa simbol nu aya dina tradisi nelesan Nagarapageuh. Ieu hal, nimbulkeun rasa prihatin jeung rasa hayang ngamumulé, ngarumat, tur méré nyaho ngeunaan ma'na nu nyampak dina kosmologi jeung simbol-simbol nu nyampak dina tradisi nelesan di Désa Nagarapageuh, Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis.

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Kosmologi Tradisi Nelesan Di Désa Nagarapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis (Ulikan Simbolis)”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah anu nyampak dina ieu panalungtikan nyaéta tradisi nelesan masih kénéh dilaksanakeun ku masarakat Nagarapageuh. Tapi dina émprona, ieu tradisi téh kungsi ditinggalkeun. Padahal, dina ieu tradisi téh leubeut ku ajén-inajén nu nyampak dina simbol-simbol.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, masalah bakal dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

- 1) Kumaha kalungguhan katut prak-prakan tradisi nelesan nu diayakeun di Désa Nagarapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis?
- 2) Ma'na simbolis naon baé nu nyampak dina tradisi nelesan di Désa Nagarapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis?
- 3) Kumaha kosmologi tradisi nelesan nu nyampak di Désa Nagarapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana idéntifikasi jeung rumusan masalah anu geus dipedar, tujuan panalungtikan kabagi jadi dua bagéan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun ngeunaan kalungguhan katut prak-prakan tradisi nelesan nu

diayakeun di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, nganalisis tur ngadéskripsikeun ulikan simbolis nu nyampak dina tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, jeung nganalisis tur ngadéskripsikeun kosmologi tradisi nelesan nu nyampak di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, nu satuluyna bisa méré informasi ka masarakat pikeun ngawanohkeun tur numuwuhkeun rasa kareueus, rasa hayang ngarumat, ngaraksa, jeung ngariksa kana budaya titinggal karuhun.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kalungguhan katut prak-prakan tradisi nelesan nu diayakeun di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis;
- 2) ulikan simbolis nu nyampak dina tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis; jeung
- 3) kosmologi tradisi nelesan nu nyampak di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dumasar tujuan nu geus dipedar, ieu panalungtikan téh miboga opat jenis mangpaat nyaéta mangpaat téoritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat isu atawa aksi sosial. Anapon kitu, éta mangpaat bakal dipedar saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh dina widang kabudayaan, ngeunaan kosmologi tradisi nelesan, katut ulikan simbolis nu nyampak dina tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis. Hususna, pikeun panalungtikan ilmiah nu leuwih jero. Umumna pikeun mikanyaho tur ngawanohkeun ieu tradisi.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan tina ieu panalungtikan nyaéta, dipiharep ieu panalungtikan bisa méré inpormasi ka Dinas Pariwisata jeung Kebudayaan (Disparbud) kabupatén Ciamis, sangkan Disparbud leuwih ngamekarkeun,

ngahirupkeun, sarta ngawanohkeun deui tradisi nelesan ka nonoman mangsa kiwari, ku cara dijadikeun agénda taunan.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak di antarana.

1) Pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mikawanoh, ngadéskripsikeun, ngainvéntarisasi, ngeuyeuban pangaweruh katut pangalaman ngeunaan kosmologi tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, katut ulikan simbolisna.

2) Pikeun masarakat

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mikawanoh sakaligus nambahan pangaweruh kana sajarah, kosmologi katut simbol-simbol anu aya dina tradisi nelesan, di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan, Kabupatén Ciamis.

3) Pikeun mahasiswa

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun bahan référénsi dina panalungtikan satuluyna.

4) Pikeun guru

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi jeung référénsi dina ngajar jeung ngawanohkeun ngeunaan tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh.

1.4.4 Mangpaat Isu atawa Aksi Sosial

Mangpaat isu atawa aksi sosial tina ieu panalungtikan nyaéta, pikeun méré inpormasi ka masarakat sacara umum, ngeunaan tradisi nelesan nu aya di Désa Nagrapageuh Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis. Nepi ka bisa jadi bahan inpormasi pikeun lembaga formal atawa non-formal, pikeun ngamumulé, ngamekarkeun, tur nilik kana sakur tradisi nu aya di tatar Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi, dibagi jadi lima bab, nyaéta diwincik saperti ieu di handap.

Bab I: bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II: ulikan pustaka, medar ngeunaan ulikan tiori anu eusina ngeunaan kabudayaan, wujud kabudayaan, unsur-unsur kabudayaan, tradisi, jenis-jenis tradisi, tradisi nelesan, kosmologi, simbolis, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III: métode panalungtikan, eusina husus medar ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, kondisi sosial, sumber data panalungtikan, lokasi panalungtikan, téhnik panalungtikan nu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV: hasil panalungtikan jeung pedaran, medar hasil analisis data ngeunaan kalungguhan jeung prak-prakan tradisi nelesan, ma'na simbolis anu nyampak dina tradisi nelesan, jeung kosmologi anu nyampak dina tradisi nelesan nu aya di Désa Nagarapageuh Kecamatan Panawangan, Kabupatén Ciamis.

Bab V: kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi, medar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékomédasi.